




KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Bathok Bolu Isi Madu



Penulis: Etik Ratnaningsih
Ilustrator: Bayu Prihantoro





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Bathok Bolu

Isi Madu

Penulis : Etik Ratnaningsih
Ilustrator : Bayu Prihantoro
Penerjemah : Etik Ratnaningsih

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

BATHOK BOLU ISI MADU

Penulis : Etik Ratnaningsih
Ilustrator : Bayu Prihantoro
Penerjemah : Etik Ratnaningsih
Penyunting : Aji Prasetyo
Penata Letak: Bayu Prihantoro

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-602-259-937-1 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Lilita One, Concert One.

ii, 40 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Bathok Bolu Isi Madu



Raka lan Huda kekancan raket. Dene sekolahe ana ing SDN Pucung, Imogiri.

Dina iki mau Raka lan Huda mbebengek Ara. Dolanane lompat tali Ara didhelikake. Bocah loro mau banjur ngladaki karo mlayu, “Wuu, Ara gembeng ... weekkk!”

Raka dan Huda berteman akrab. Mereka sekolah di SDN Pucung, Imogiri.

Hari ini, Raka dan Huda menjahili Ara. Permainan lompat tali milik Ara disembunyikan. Sambil berlari, keduanya mengejek, “Wuu, Ara cengeng ... weekkk!”

SDN Pucung duwe sepuluh jinisa ekstrakurikuler. Murid-murid padha melu ekstrakurikuler karate, pencak silat, nyanyi, drumband, lan sapanunggalane.

“Kana, padha melu drumband, Le! Ben ora mung tetabuhan ing meja kelas wae,” ngendikane Bu Yati.

“Nggih, Bu,” Raka lan Huda bareng semaur.

Sawise Bu Yati tumuju ana kantor guru, Raka ngomong karo Huda.

“Da, aku emoh melu drumband, kesel.”

“Lha, iya, penak nyeser iwak, ya, Ka?”

“Ya uwis, saiki bali wae, ya!”

SDN Pucung memiliki sepuluh macam kegiatan ekstrakurikuler. Para siswa mengikuti ekstrakurikuler karate, pencak silat, menyanyi, drumben dan lain-lainnya.

“Ayo, ikut drumben, Le! Jangan hanya memukul meja kelas,” ucap Bu Yati.

“Siap, Bu,” Raka dan Huda menjawab kompak.

Setelah Bu Yati pergi, Raka berkata kepada Huda.

“Da, aku tidak mau ikut drumben, capai!”

“Iya, lebih enak mencari ikan di sungai, ya, Ka?”

“Kita pulang saja, yuk!”

Ing kantor guru, Bu Yati crita bisa gawe bocah loro melu drumband. Dumadakan, Pak Bon mlebu kantor matur marang Bu Yati.

“Bu, nika wau bocahe ngepit banter, mantuk. Mboten ndherek drumband.”

“Weladalah...! Dhuh, Gusti! Paringana sabar!”

Di kantor guru, Bu Yati bercerita kalau berhasil menyuruh Raka dan Huda ikut drumben. Tiba-tiba Pak Bon masuk ke kantor memberi laporan.

“Bu, Raka dan Huda pulang naik sepeda kencang sekali. Mereka tidak ikut drumben.”

“Weladalah ...! Ya, Allah, berilah kami kesabaran!”

SD NEGERI PUCU



“Sugeng enjang, Bu! Da, salim karo Bu Yati kowe ki!” Raka kongkon Huda.

“Lha iya, sik ta, iki pite ora ana setandare. Nyoh, gocekana!”

Bu Yati ora sida nesu weruh Raka lan Huda padha sopan ngaras astane.

“Wis, kana, padha mlebu!”

“Selamat pagi, Bu! Da, cium tangan Bu Yati dulu!” Raka menyuruh Huda.

“Iya, sebentar. Sepeda ini tidak ada standarnya, tolong dipegang dulu!”

Bu Yati menjadi luluh hatinya melihat Raka dan Huda bersikap sopan dan mencium tangannya

“Sudah, sekarang kalian masuk kelas!”

Bubaran sekolah, Bu Yati mengajak omong-omongan Raka lan Huda.

“Le, yen drumband ora seneng, karepmu melu ekstrakurikuler apa?” Bocah loro padha mat-matan. Raka nyikut tangane Huda.

“Adhuh, lara lho, Ka!”

“Ee ... nganu, Bu. Kula remen ndherek tari,”
jawabe Raka.

“Tenane, Ka? Jaremu ora seneng kabeh,” Huda mbales omongane Raka.

“Seneng, ya!” Raka ora gelem kalah.

Pulang sekolah, Bu Yati mengajak bicara Raka dan Huda.

“Le, kalau drumben tidak suka, kalian ingin ikut ekstrakurikuler apa?”

Kedua anak itu saling menatap. Raka menyikut tangan Huda.

“Aduh, sakit, Ka!”

“Ee ... Bu. Saya suka ikut tari.” jawab Raka.

“Bener, Ka? Kamu bilang tidak suka tari.” Huda membalas jawaban Raka.

“Suka, ya!” Raka tidak mau mengalah.

“Ya, uwis, aja padha kerah! Saiki Huda, senengmu melu apa?”

“Hmm, kula nggih tari, Bu.”

Bu Yati katon ora percaya karo wangsulane bocah loro kuwi.

“Mengko setengah papat ana ekstrakurikuler tari. Cah loro padha mangkat, ya, Le?” ngendikane Bu Yati kanthi alus.

“Nggih, Bu. Mangke kula ngampiri Huda.”

“Ya, sudah, jangan bertengkar! Sekarang Huda, kamu suka apa?”

“Hmm, saya juga suka tari, Bu.” Bu Yati terlihat tidak percaya jawaban kedua anak itu.

“Nanti pukul setengah empat ada ekstrakurikuler tari. Kalian berdua berangkat, ya, Le?” ujar Bu Yati dengan lembut.

“Iya, Bu. Nanti Huda saya jemput.”



“Da, lha, kok ora ana sing lanang?”

“Ho oh, je, Ka. Piye iki? Isin aku.”

“Bali wae, ya!”

“Eh, kowe dha arep bolos, ya? Takkandhakake Bu Yati, lho!”

“Ora bolos. Aku arep ganti kathok dhisik. Iya ta, Da?” jawabe Raka wegah diisin-isin.

“Iya, bener. Arep ganti sandhal barang,” Huda semaur seru.

“Awat, nek ngapusi. Sesuk taklapurke!”

“Da, kok, tidak ada yang laki-laki?”

“Iya, Ka. Bagaimana ini? Aku malu.”

“Pulang saja, yuk!”

“Eh, kalian mau membolos, ya? Aku sampaikan ke Bu Yati!”

“Tidak membolos. Aku mau ganti celana dulu. Iyakan, Da?” jawab Raka tidak mau dipermalukan.

“Iya, betul. Mau ganti sandal juga.” Huda berucap lantang.

“Awat, kalau bohong, besok aku laporkan!”

Esuke, Bu Yati oleh lapuran saka guru ekstrakurikuler tari. Bu Yati banjur nakoni Raka lan Huda.

“Ngapa, kok, rasida melu nari, Le?”

“Lha, kula isin amargi sedanten lare putri, Bu.”
wangsulane Raka.

Pagi hari, Bu Yati mendapatkan laporan dari guru ekstrakurikuler tari. Kemudian, Bu Yati bertanya kembali kepada Raka dan Huda.

“Mengapa, kok, tidak jadi ikut tari, Le?”

“Saya malu karena pesertanya perempuan semua, Bu.” sahut Raka.

“Nek kabeh ora ana sing padha mbok eloni, kowe sing rugi. Kanca-kancamu padha pinter nari, pencak silat, nyanyi, lan liyan-liyane. Kowe cah loro kepiye?” Bu Yati isih sabar ngandhani bocah loro kuwi.

Sajane, bocah loro iku ya bingung arep kepiye. Pengine kaya kanca-kancane. Nanging, ekstrakurikuler sing ana kuwi kabeh ora disenengi.

“Kalau semua ekstrakurikuler tidak ada yang kalian ikuti, kalian yang rugi. Teman-temanmu pintar menari, pencak silat, menyanyi, dan lain-lainnya. Bagaimana dengan kalian?” Bu Yati masih sabar menghadapi kedua muridnya tersebut.

Sebenarnya, Raka dan Huda juga bingung. Mereka ingin seperti teman-temannya. Namun, tidak ada ekstrakurikuler yang disukai.

Dina Senen, ngepasi upacara, Bapak Kepala Sekolah menehi wara-wara. Sesasi maneh, SDN Pucung arep ngrayakake lustrum sing kaping 10.

Murid-murid SDN Pucung didhawuhi padha ngatonake kaprigelane. Bocah-bocah sing melu ekstrakurikuler tari, tampil nari. Sing melu ekstrakurikuler lukis, nampilake lukisane. Ekstrakurikuler drumband uga kudu tampil ngombyongi para tamu undhangan ing plataran sekolah.

Saat upacara bendera hari Senin, Bapak Kepala Sekolah memberikan pengumuman. SDN Pucung akan merayakan lustrum yang ke-10 sebulan lagi.

Murid-murid SDN Pucung diberi tugas untuk tampil pada acara lustrum. Anak-anak yang ikut ekstrakurikuler tari tampil menari, sedangkan yang ikut melukis menampilkan lukisannya. Ekstrakurikuler drumband juga tampil untuk menyambut tamu undangan di lapangan sekolah.

Kabeh padha bungah. Murid-murid semangat arep gladhi sing apik kareben acara dadi gummyak lan meriyah.

Kosokbalene, Raka karo Huda ngrasakake susah. Bocahe kepengin melu tampil, ananging ora melu ekstrakurikuler apa-apa.

Semua murid menyambut dengan gembira. Murid-murid bersemangat latihan agar tampil bagus sehingga acara ramai dan meriah.

Sebaliknya, Raka dan Huda merasa sedih. Mereka ingin ikut tampil, tetapi tidak ikut ekstrakurikuler apa pun.



“Da, aku duwe gagasan. Piye yen awake dhewe ajar ndhalang?”

“Kowe, rak, ya, ora sembrana, ta?”

“Ora. Pakdheku kuwi tukang gawe wayang. Ayo, saiki mrana!”

“Da, aku punya ide. Bagaimana kalau kita belajar mendalang?”

“Kamu tidak bercanda, kan?”

“Tidak, Pakdeku perajin wayang. Ayo, sekarang kita ke sana!”

“Assalammu’alaikum, Pakdhe?” Raka uluk salam lan ndhodhog lawang rada sero. Pakdhene Raka kagungan pendhapa gedhe ing ngarep omah. Gebyoke akeh wayange.

Huda lagi iki diajak neng nggone Pakdhene Raka. Bocahe gumun lan seneng weruh wayang sing pepak.

“Ka, pakdhemu sugih, ya?”

“Pakdheku, ki, wong pinter, Da. Kerep ditanggap ndalang menyang njaban kutha.”

“Asalamualaikum, Pakde,” Raka uluk salam sambil mengetuk pintu agak keras. Pakde Raka memiliki pendapa besar di depan rumahnya. Dinding kayunya terdapat banyak wayang.

Huda baru kali ini diajak ke rumah Pakde Raka. Ia kagum dan senang melihat berbagai macam wayang.

“Ka, Pakdemu kaya, ya?”

“Pakdeku orang pintar, Da. Sering ditanggap mendalang ke luar kota.”

Bocah loro padha ora nyana menawa Pakdhene Raka uwis ana ing mburine. “Ehem!”
Huda lan Raka kaget krungu swara dheheme.

“Ana apa, Le? Kok kadingaren?” pitakone Ki Gendheng Ardianto.

“Pakdhe, kula dipunajari ndhalang, nggih. Benjang kagem pentas ten sekolahan,” ature Raka manteb.
“Ajar ndhalang kuwi ora gampang, Le.”

Raka dan Huda tidak menyangka Pakde Raka sudah berdiri di belakang mereka.

“Ehhem”

Raka dan Huda kaget mendengar suara orang berdehem.

“Ada apa, Le? Kok, tumben?” tanya Ki Gendheng Ardianto.

“Pakde, saya diajari mendalang. Besok mau pentas di sekolah,” ujar Raka mantap.

“Belajar mendalang itu tidak mudah, Le.”

Raka lan Huda padha meneng ngrungokake ngendikane Ki Gendheng Ardianto.

“Kowe uwis ngerti paraga-paraga wayang?”

“Dereng, Pakdhe.”

“Lha, kok, pengin ajar ndhalang, ngapa?”

“Kula pengin diundang tiyang kathah, kados Pakdhe, hehe”

Ki Gendheng Ardianto ngguyu krungu kandhane Raka.

“Ya wis, ngene. Pakdhe ajari gawe wayang banjur ndhalang sithik-sithik.”

Raka dan Huda menyimak ucapan Ki Gendheng Ardianto.

“Kalian sudah tahu tokoh-tokoh wayang?”

“Belum, Pakde.”

“Mengapa, kok, ingin belajar mendalang?”

“Aku ingin diundang orang banyak seperti Pakde, hehe”

Ki Gendheng Ardianto tersenyum mendengar jawaban Raka.

“Ya sudah, begini. Pakde ajari kalian membuat wayang, lalu mendalang sedikit-sedikit.”

“Tenan, Pakdhe?”

“Huss, yen karo Pakdhe, ki, basa.”

Ki Gendheng Ardianto gedheg-gedheg pirsane polah lan pocapane Raka lan Huda.

“Sesuk bubar mulih sekolah mreneya! Sakiki kana padha bali, iki uwis arep surup!”

“Mundhak wonten setan, ta, Pakdhe?”

“Ora ana setan sing gelem mbebeda bocah kaya kowe-kowe kuwi!”

Raka lan Huda mulih kanthi ati sumringah. Kekarone padha arep gawe kaget wong sasekolahan pas acara *lustrum*.

“Serius, Pakde?”

“Huss, yang sopan kalau bicara dengan Pakde!” Ki Gendheng Ardianto menggeleng-gelengkan kepala melihat tingkah Raka dan Huda.

“Besok setelah pulang sekolah ke sini, ya! Sekarang kalian pulang karena hari sudah petang!”

“Nanti ada setan, ya, Pakde?”

“Tidak ada setan yang mau menggoda anak seperti kalian!”

Raka dan Huda pulang dengan hati senang. Mereka ingin membuat kejutan saat acara *lustrum*.



“Le, iki Pakdhe uwis cepakake kerdhus karo piranti sing kanggo gawe wayang. Asline nganggo kulit sapi, kebo, utawa wedhus.”

“Woo....”

“Anggone gawe pola nganggo tatah. Tatahe uga ana warna-warna.”

“Ditatah ki priipun, Pakdhe?”

“Dibentuk, kayata arep gawe klambine. Nah, kuwi, rak ana garis-garis utawa bolongan. Anggone gawe kuwi, carane beda-beda.”

Le, ini Pakde sudah menyiapkan kardus untuk membuat wayang! Sebenarnya, wayang dibuat dari kulit sapi, kerbau, atau kambing.

Woo

“Cara membuatnya menggunakan tatah. Tatahnya juga bermacam-macam.

“Ditatah itu bagaimana Pakde?”

“Dibentuk seperti membuat baju. Nah, itu seperti ada garis-garis atau lubang. Cara membuatnya berbeda-beda.

“Saiki digatekake tenan! Iki, Pakdhe uwis nge-print gambar Antasena karo Wisanggeni.”

“Weissss...,” Huda semaur sok-sokan ngerti.

“Apa kowe uwis ngerti iki sapa?”

“Dereng. Hi hi.”

“Dhasar bocah sembrana!”

Raka lan Huda padha cekikikan.

“Antasena kuwi anake Werkudara. Yen Wisanggeni kuwi anake Janaka. Antasena iku jujur, ora bisa basa krama. Nanging, ampuh tenan. Wisanggeni iku kendel, trengginas, lan sekti mandraguna.”

Sekarang perhatikan baik-baik! Pakdhe sudah mencetak gambar Antasena dan Wisanggeni.”

“Weisss” Huda berlagak sok tahu.

“Kamu sudah tahu tokoh wayang itu?”

“Belum. Hihi”

“Dasar si tukang bercanda!”

Raka dan Huda tertawa kecil.

“Antasena itu anaknya Werkudara, sedangkan Wisanggeni anaknya Janaka. Antasena punya sifat jujur, tidak bisa berbicara halus, tetapi sakti. Wisanggeni punya sifat berani, lincah, dan hebat sekali.”

“Antasena lan Wisanggeni ketarane ujas-ujus. Nanging ora tau ngetokake kedigdayane.”

“Kok, meh padha kula kaliyan Huda nggih, Pakdhe?” ujare Raka ngalem awake dhewe.

“Kowe yen pengin kaya Antasena lan Wisanggeni kudu temen lan tenanan anggone nggatekake. Saiki digawe dhisik. Sesuk gladhi ndhalang.”

“Sendika dhawuh, Pakdhe.”

“Wes, jan!”

“Antasena dan Wisanggeni kelihatannya biasa saja, tetapi tidak pernah memperlihatkan kesaktiannya.”

“Kok mirip aku sama Huda, ya, Pakde?” ucap Raka menyanjung dirinya sendiri.

“Kalian, jika ingin seperti Antasena dan Wisanggeni, harus rajin dan serius memperhatikan. Sekarang, kalian mulai membuat wayangnya. Besok kita mulai belajar mendalang.”

“Laksanakan, Pakde.”

“Heiss.”

Raka gawe wayang Antasena. Huda gawe wayang Wisanggeni. Kaping sepisan, gambar print-print-an wayang iku digunting. Kaping pindho, guntingan gambar wayang kuwi ditemplekake ing kerdhus. Sawise iku, kerdhus digunting padha bentuke wayang.

Kareben apik, gambar kuwi diwenehi warna utawa disungging. Kudu tlaten amarga busana wayang pancen njlimet. Asil gambare Antasena lan Wisanggeni ketara gagah temenan.

Raka membuat wayang Antasena, sedangkan Huda membuat Wisanggeni. Pertama-tama, cetakan gambar digunting. Selanjutnya, gambar ditempelkan menggunakan lem di atas kardus. Setelah itu, digunting sesuai dengan bentuk wayangnya.

Supaya lebih bagus, gambar diberi warna. Pemberian warna harus telaten karena baju wayang rumit. Sekarang gambar Antasena dan Wisanggeni terlihat gagah.

Perangan sikut wayang kudu dijait nganggo bolah kareben bisa diobahake. Sabanjure, dipasang genthong, kayu utawa pring cilik, kanggo gapit lan garan tangan wayang.

Wayang Antasena lan Wisanggeni uwis dadi. Raka lan Huda padha mesam-mesem ngematake wayang asil karyane dhewe. Ki Gendheng katon seneng mirsani bocah loro pada rampung.

Di bagian sikut harus dijahit memakai benang supaya wayang bisa digerak-gerakkan. Kemudian ditempelkan kayu atau bambu sebagai penyangga badan dan kedua tangannya.

Wayang Antasena dan Wisanggeni sudah jadi. Raka dan Huda tersenyum melihat wayang hasil buaatannya. Ki Gendheng terlihat senang melihat kedua anak itu berhasil.



“Wis, saiki Pakdhe arep ngajari ndhalang. Iki critane Antasena lan Wisanggeni arep munggah ing Kayangan sowan Sang Hyang Wenang.”

“Narada dhawuh marang Kresna supaya ngandhani Antasena lan Wisanggeni. Menawa satriya loro kuwi namakake kasektene, ora ana sing bakal bisa nandhingi. Mula, ing Perang Baratayuda, satriya loro kuwi aja nganti ana. Antasena lan Wisanggeni diwenehi pangerten supaya muksa.”

“Napa niku, Pakdhe?”

“Muksa kuwi masrahake nyawane supaya Pandhawa menang ana ing Perang Baratayuda.”

“Sekarang, Pakde kasih tau caranya mendalang. Ini ceritanya Antasena dan Wisanggeni akan naik ke kayangan bertemu Sang Hyang Wenang.”

“Narada memerintah Kresna supaya menasihati Antasena dan Wisanggeni. Jika mereka berdua menggunakan kesaktiannya, tidak ada yang dapat menandingi. Oleh karena itu dalam Perang Baratayuda, kedua satria itu jangan sampai muncul. Antasena dan Wisanggeni diberikan pengertian supaya muksa.”

“Apa itu, Pakde?”

“Muksa itu berkorban menyerahkan nyawanya supaya Pandhawa menang dalam Perang Baratayuda.”

“Iki Antasena dicekel Raka, Huda nyekel Wisanggeni. Lumrahe, dhalang nggawa dhodhogan kanggo ngetokake swara. Kowe sesuk nganggo kaleng roti karo kayu tok tuthuk-thuthuke ngene iki, threthek...thek...thek..thek.”

Raka lan Huda padha nirokake swarane Ki Gendheng Ardianto. Bocah loro katon padha ajar dhewe-dhewe. Wayang Antasena lan Wisanggeni kaya urip dilakokake Raka lan Huda.

“Ini Antasena dipegang Raka, Huda memegang Wisanggeni. Biasanya Dalang membawa dhodhogan untuk mengeluarkan suara. Kalian besok memakai kaleng roti sama kayu buat mukul seperti ini, threthek...thek...thek..thek.”

Raka dan Huda menirukan suara Ki Gendheng Ardianto. Kedua anak itu terlihat mendalami perannya masing-masing. Wayang Antasena dan Wisanggeni lincah dimainkan Raka dan Huda.

Saben dina, Raka lan Huda gladhi ana ing daleme Ki Gendheng. Bareng wis padha bisa, Raka lan Huda njaluk pangestu.

“Matur nuwun nggih, Pakdhe!”

“Ya, padha-padha. Pakdhe melu ndedonga muga mbesuk becik anggonmu padha ndhalang.”

“Aamiin, Pakdhe.”

Setiap hari Raka dan Huda berlatih di rumah Ki Gendheng. Setelah mereka sudah bisa, Raka dan Huda meminta doa restu.

“Terima kasih ya, Pakde!”

“Ya, sama-sama. Pakde ikut mendoakan kalian besok mendalang dengan bagus.”

“Aamiin, Pakde.”

Esuk kuwi, SD Pucung katon regeng lan gumyak. Umbul-umbul warna abang, kuning, lan ijo jejer-jejer ing pinggir lapangan sekolahan. Bocah-bocah sing padha arep tampil wus macak besus, becik, lan rapi.

Raka lan Huda nganggo klambi Jawa. Raka nggoceki plastik kresek ireng sing isine wayang Antasena lan Wisanggeni. Ora lali, ubarampe liyane uga digawa.

Pagi itu tampak SDN Pucung ramai dan meriah. Umbul-umbul berwarna merah, kuning, dan hijau berdiri di pinggir lapangan sekolah. Semua anak yang mau tampil sudah berpakaian pantas, bagus, dan rapi.

Raka dan Huda memakai baju adat Jawa. Raka memegang tas plastik yang isinya wayang Antasena dan Wisanggeni. Mereka tidak lupa membawa alat lainnya untuk mendukung cerita.

Kabeh padha gumun nyawang Raka lan Huda. Bu Yati banjur marani lan nakoni.

“Le, kowe, kok, padha nganggo klambi Jawa kuwi kepiye?”

“Kula kalih Huda ajeng tampil ndhalang, Bu.”

“Weh, aja, Le. Dhuh, piye iki?”

“Lha kok mboten angsal, e, Bu?”

“Saiki kuwi acara gedhen, Le. Akeh tamu penting. Kae kancamu uwis padha latihan.”

“Kula nggih sampun, Bu.” Wangsulane Huda.

Semua orang heran melihat Raka dan Huda. Bu Yati lalu menghampiri dan bertanya.

“Le, kalian kok memakai baju adat Jawa itu bagaimana?”

“Saya sama Huda mau tampil mendalang.”

“Wah, jangan, Le! Aduh, bagaimana ini?”

“Kok tidak boleh sih, Bu?”

“Ini acara besar, Le. Ada banyak tamu penting. Teman-temanmu sudah latihan.”

“Kami juga sudah, Bu.” jawab Huda.



“Bapak ibu ingkang kinurmatan, kula, Raka kaliyan Huda kelas 4C ajeng ndhalang kanthi lakon “Antasena lan Wisanggeni Munggah Kayangan. Mangga dipunpirsani sesarengan!”

“Bapak ibu yang terhormat, Raka dan Huda dari kelas 4C akan mempersembahkan wayang. Judulnya “Antasena dan Wisanggeni Naik ke Kayangan,” silakan menikmati!”

Kabeh padha gumun. Raka lan Huda anggone ndhalang bisa wangun tur apik. Pungkasane, Raka lan Huda bisa gawe trenyuh.

“Kakang Antasena, kuwajibane awake dhewe nindaki dhawuhing Sang Asih Prana wis rampung. Bathara Kala uwis tumeka ing pati.”

“Yoh.”

Threthek...thek...thek.

Semua orang merasa heran. Raka dan Huda bisa mendalang dengan bagus. Di akhir cerita, Raka dan Huda berhasil membuat terharu.

“Kakang Antasena, sudah tuntas kewajiban kita yang diamanati oleh Sang Asih Prana. Batara Kala sudah meninggal.”

“Iya.”

Threthek...thek...thek.


“Aja nganti cidra, ayo sowan ing Ngarsane Sang Hyang Wenang! Kowe karo aku ora bakal pisah salawase, Kang. Mukti ya bareng, mati ya bareng.”
“Ya, Ni. Dak ikhlaske jiwa ragaku, Ni.”
Threthek...thek...thek.

Para tamu keplok mbata rubuh. Bu Yati ora nggraita yen bocah loro sing angel kandhanane kuwi jebul bisa gawe mongkog. Raka lan Huda bungah atine.

“Jangan sampai celaka, ayo kita datang ke hadapan Sang Hyang Wenang. Kamu dan aku tidak akan pisah selamanya. Bahagia bersama, mati juga bersama.”

“Iya, Ni. Aku ikhlaskan jiwa ragaku, Ni.”
Threthek...thek...thek.

Para tamu undangan bertepuk tangan keras. Bu Yati tidak menyangka kedua anak yang sulit dinasihati ternyata bisa membuat bangga. Raka dan Huda sangat bahagia hatinya.



“Matur nuwun ya, Le. Sesuk kancane diajari gawe wayang.” Bu Yati nganti trenyuh pirsaa Raka lan Huda.

Sabanjure, SDN Pucung arep ngrembakake ekstrakurikuler tatah lan sungginglan Ekstrakurikuler dhalang.

“Terima kasih ya, Le. Besok teman-temannya diajarin membuat wayang.” Bu Yati tersentuh hatinya melihat Raka dan Huda.

Selanjutnya, SDN Pucung akan mengembangkan ekstrakurikuler tatah sungging (membuat wayang) dan Dalang.”

Biodata

Penulis dan Penerjemah



Etik Ratnaningsih, lahir di Bantul pada tahun 1981. Menjalani profesi sebagai seorang guru SD sejak tahun 2003 di SDN Ringinharjo, Bantul. Kegiatan yang menjadi fokusnya saat ini ialah memberikan pengimbasan tentang kegiatan literasi di kalangan pendidik agar dapat memacu para murid untuk gemar membaca buku. Pembaca dapat menghubungi melalui Instagram @etikratna_81 atau melalui posel ratnaningsih_etik@yahoo.com

Ilustrator



Bayu Prihantoro, lahir pada tahun 2001. Ia sedang menempuh pendidikannya di Universitas Negeri Yogyakarta pada jurusan Pendidikan Seni Rupa. Ia adalah seorang desainer grafis dengan fokus pada bidang ilustrasi, *branding*, dan *layouting*. Pembaca dapat mengubungi melalui instagram @bapritow atau melalui posel yoe.bayoeeee@gmail.com.

Penyunting



Aji Prasetyo, lahir pada tahun 1976 di Semarang. Menamatkan pendidikan Sarjana Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada pada tahun 2002. Pernah bekerja di Kantor Bahasa Provinsi Sulawesi Tenggara tahun 2006—2012. Sejak 2012—sekarang, ia bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menghubungi melalui posel ajiprasetyo2009@gmail.com.

Bathok Bolu Isi Madu



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Raka dan Huda menjalin persahabatan yang baik. Namun, mereka dianggap menjadi biang masalah di kelas. Hanya Raka dan Huda yang tidak tertarik dengan kegiatan ekstrakurikuler yang telah tersedia. Mereka ingin sesuatu yang berbeda. Saat perayaan lustrum sekolah, semua siswa diwajibkan untuk pentas. Raka dan Huda merasa bingung karena belum memiliki keterampilan apa-apa. Suatu hari Raka memiliki ide untuk menemui Ki Gendheng Ardianto. Apakah Raka dan Huda mampu menampilkan sesuatu yang berbeda di bawah bimbingan Ki Gendheng?



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

ISBN 978-602-259-937-1 (PDF)

